



**PWOSÈ VÈBAL OFISYÈL KOMITE BOSTON SCHOOL
GWROUP ENTÈVANSYON K AP TRAVAY SOU EGZAMEN ADMISYON
LEKÒL YO**

4 Me 2021

Gwoup Operasyonèl egzamen admisyon Komite Boston School la te fè yon reyinyon a distans madi 4 Me 2021 a 5:00 PM sou Zoom. Pou plis enfòmasyon konsènan tout eleman ki nan lis ki pi ba a, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Gwoup Operasyonèl egzamen admisyon lekòl ki prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis; Ko-Prezidan Tanisha Sullivan; Samuel Acevedo; Acacia Aguirre; Simon Chernow; Matt Cregor; Tanya Freeman-Wisdom; Katherine Grassa; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerritt; Rosann Tung; ak Tamara Wait.

Pèsonèl BPS ki prezan: Monica Roberts, Chèf Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote a, ak Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

[Agenda](#)

[Pwosè Vèbal Reyinyon yo: 27 Avril 2021](#)

OUVÈTI SEYANS LAN

Mesye Contompasis te bay siyal pou reyinyon an kòmanse. Li te anonse gen sèvis entèpretasyon similtane ki te disponib an espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamyen, Kantonè, mandaren, pòtigè, somali, arab ak lang siy ameriken (ASL). Entèprèt yo te prezante tèt yo epi yo te bay enstriksyon nan lang pa yo sou fason moun ka aksede ak entèpretasyon similtane lè yo chanje chanèl Zoom nan.

Madam Parvex te fè apèl telefonik. Madam Aguirre, Doktè Freeman-Wisdom, Madam Lum te rive aprè apèl telefonik lan.

APWOBASYON RAPÒ REYINON YO: 27 AVRIL 2021

Apwouve – Tout Gwoup Entèvansyon an te apwouve pwosè vèbal reyinyon Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon Lekòl yo 27 Avril 2021 an .

PREZANTASYON

Chris Minnich, Direktè Chèf Egzekitif; Jeanine Edwards Responsab Kont Egzekitif Prensipal Kont Estratejik yo; John Barbato, Jesyonè Kont Estratejik; Beth Tarasawa, Vis Prezidan Egzekitif Rechèch; Jeff Enoch, Vis Prezidan Egzekitif Kont Patnè yo; Fred McDaniel, Vis Prezidan Egzekitif Evalyasyon, ak Sherry DeSimone, Vis Prezidan Kont Estratejik apati de NWEA yo te prezan nan reyinyon an pou bay yon apèsi sou Evalyasyon Pwogrè/Kwasans MAP la.

Mesye Minnich te prezante ekip la epi te bay yon apèsi jeneral sou evalyasyon MAP. Li te esplike ke MAP kapab itilize kòm yon zouti pou asire ke elèv yo gen kapasite pou montre yo kapab reyisi nan anviwònman kote yo pral mete yo a. Li te di NWEA plase an premye nan endistri a nan kesyon de itilizasyon enfòmasyon pou redui paspouki nan evalyasyon yo a, men li te deklare tou yo pa kwè MAP, oubyen tout lòt evalyasyon andeyò de sa, dwe itilize kòm sèl mezi, oubyen menm mezi ki predominan an nan tout desizyon admisyon yo.

Mesye Acevedo te mande diferans ant MAP ak ISEE epi te mande pou konsèy NWEA pou kreye yon pwosesis enfayib. Mesye Minnich te esplike ke mezi kwasans MAP yo te pi bon nan endistri a epi distri a te kapab itilize pwogrè kòm fè pati mezi yo kapab konsidere yo. Li te deklare tou li te panse ke Gwoup Entèvansyon an pa dwe depann inikman de akademik yo pou kreye yon pwosesis admisyon.

Doktè Tung te vle konnen ki estrateji NWEA itilize pou anpeche endistri preparasyon tès la apati de devlopman kou yo ki pral ogmante disparite nòt yo epi tou si MAP ta kapab itilize kòm yon tès pou yon evalyasyon avèk anje pi elve an menm tan ak yon evalyasyon fòmatif avèk anje fèb yo. Mesye Minnich te bay yon apèsi sou mezi NWEA pran pou pwoteje Pwopriyete Entèlektyèl yo a epi te deklare ke nou p'ap kapab jwe tès la epi NWEA vle rann konpayi preparasyon tès yo responsab. Li te esplike tou ke tès la te valid pou toulède objektif evalyasyon avèk anje elve menm jan ak pou evalyasyon fòmatif avèk anje fèb yo.

Mesye Skerrit te mande si NWEA te gen konfyans nan kapasite tès MAP la pou evalye si yon elèv akèri divès konpetans ak yon kontni nivo lekòl nan ELA ak nan matematik pa rapò ak nòm Massachusetts yo. Repons lan se te ke evalyasyon MAP la konfòm avèk nòm MCAS yo.

Mesye Creggor te mande kòman pwogrè lan te kapab itilize, epi si yon elèv ta dwe fè tès la de fwa pou demontre pwogrè. Mesye Minnich te di nan objektif pou itilize pwogrè distri yo, yo ta dwe egzije elèv yo pou fè tès la plis pase yon fwa.

Mesye Chernow te vle plis enfòmasyon sou notasyon ak miz a echèl epi Mesye McDaniel te esplike kijan yo entèprete nòt yo epi founi yon fouchèt pousantaj pou chak elèv.

Mesye Grassa te poze kesyon si evalyasyon kwasans MAP te yon prediktè MCAS epi Mesye MacDaniel te esplike etid liyezon yo a ant MCAS ak MAP. Li te konkli ke yo genyen yon degre siksè elve pou predi kote yon elèv t'ap tonbe an relasyon ak nivo konpetans li nan MCAS.

Mesye Contompasis te vle konfime si li te posib pou detèmine ane an ane, si yon elèv ap reyisi selon atant nivo klas li, oubyen pi wo, avèk tès MAP la, ak si distri a te kapab detèmine preparasyon gwoup kandida nan sipoze ke yo te asepte rekòmandasyon ke elèv yo dwe nan nivo klas la oubyen pi wo. Mesye Minnich te deklare sa te posib.

Madam Grassa te mande nan ki fenèt distri a ta dwe administre tès MAP la de fwa si yo te vle itilize yon mezi kwasans kòm fè pati pwosesis admisyon yo. Mesye Minnich te di yo te dwe genyen ase tan ant tès yo epi li te ankouraje distri a pou panse sou itilizasyon mezi kwasans lan jan li te kwè li te kapab efikas, espesyalman pou elèv ki te reyisi oubyen te fè pwogrè pi vit ke lòt elèv yo. Li te esplike tou diferans ant mezi kwasans ak mezi reyisit ki itilize pou klase elèv yo.

Doktè Tung te mande si NWEA ta kapab founi divès etid sou validite prediktif pou admisyon nan lekòl selektif yo an tèm de GPA oubyen gradiyasyon a tan, pa ras, estati sosyo-ekonomik, idantite sèksyèl, ets. Mesye Minnich te di NWEA pa t mennen etid sa yo, ni li pa t konnen distri ki te genyen yo.

Direktè Tung te mande pou jwenn plis enfòmasyon sou revizyon ekite ak prejije. Mesye McDaniel te esplike tout mezi yo pran, tankou verifikasyon ak fòmasyon redaktè yo nan prejije nan kesyon sansibilite ak ekite; yon fòmasyon ki te egzamine pa ajans espesyalite tyès pati ekstèn yo; ak zouti lis kontwol pou verifiye avèk entansyon ak yon jan pwoaktif kontni byeze a. Li te esplike tou ke yo fè yon analiz estatistik pou detèmine si eleman yo fonksyone yon jan diferan pou diferan sou-gwoup. Yo te genyen tou yon panèl sansib ak san paskpouki konpoze de panelis ekstèn ki egzaminen pasaj ki enkli nan tout atik lekti yo genyen yo.

Direktè Tung te mande tou si te genyen done disponib pou wè ki lakin opòtinite NWEA te dokimante pou tès la. Madam Tarasawa te deklare kolaborasyon yo avèk diferan antite pou gade nan modèl reyisit yo ofilditan e pa diferan gwoup rasyal ak pèfòmans yo epi te bay kèk lòt resous NWEA t'ap travay sou yo ke yo ta pataje avèk Gwoup Entèvansyon an.

Madam Sullivan te konkli nan di ke objektif la te asire ke yo te fè tout sa yo te kapab pou minimize prejije epi redui prejije.

Mesye Contompasis te prezante Mesye Keating, avoka nan Foley Hoag LLP., ki te bay yon brèf apèsi sou desizyon Kou Dapèl yo konsènan enjonksyon ki te depoze pa pleyan nan zafè *Boston Parent Coalition for Academic Excellence Corp. v. School Committee of the City of Boston, et al.* epi te esplike enpak ke sa ta kapab genyen sou travay Gwoup Entèvansyon an.

Reyinyon Adistans Gwoup Entèvansyon k ap Travay sou Egzamen Admisyon nan Lekòl yo.

Zoom

4 Me 2021

- Rachel Miselman, rezidan East Boston, Kowalisyon Paran Boston pou Ekselans Akademik (Boston Parent Coalition for Academic Excellence, BPCAE), te temwanye konsènan rezilta admisyon yo pou Ane Lekòl 2021-2022 a, ak sou lekòl nourisye yo.
- Li Cass, rezidan Chinatown, paran Josiah Quincy Upper School (JQUS), te temwanye sou diferans akademik apati de chak lekòl ak rezilta admisyon pou Ane Lekòl 2021-2022.
- Joy McDonald, paran, te temwanye konsènan rezilta admisyon yo pou Ane Lekòl 2021-2022 ak lis kontwol pou egzamen lekòl yo.

KOMANTÈ POU METE FEN

Madam Sullivan te enfòm manm yo ke Ko-Prezidan yo te swete resevwa enfòmasyon sou òf admisyon yo ke yo te voye ale yo. Li te di li t'ap enpòtan pou Gwoup Entèvansyon an revize done yo yon jan pou yo kapab pi byen konprann enpak politik enterimè sou elèv yo nan vil la.

Mesye Contompasis te mande distri a pou rann li klè pou tout moun ke yo te reponn avèk dilijans ak tout preyokipasyon konsènan envitasyon yo. Li te mande tou pou Gwoup Entèvansyon an resevwa yon kopi vyèj lèt envitasyon an. Madam Sullivan te kesyone itilite pou resevwa lèt la men pa t opoze ak sa.

NE

Nan anviwon 07:15 p.m. Komite a te vote a inanimite, pa apèl telefonik, pou repòte reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvex
Asistan Administratif